# XIX ӘСИРДЕ ҚАРАҚАЛПАҚ ТАРИЙХЫЙ ҚОСЫҚЛАРЫ

**Б.Турдиев –** *тарийх илимлери бойынша философия докторы (PhD)*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** поэма, традиция, аққапшық, ақдәрья, классик, творчество, толғаў, терме.
**Ключевые слово:** поэма, традиция, классик, творчество, терме.
**Key words:** poem, tradition, classic, creativity, term, akkapshyk, akdarya.

XIX әсирдеги Хорезм, араллы өзбеклер, қарақалпақлардың мәдений байланысын сәўлелендиретуғын тарийхый қосықларды изертлеў үлкен әҳмийетке ийе.

Қарақалпақлардың XIX әсирдеги тарийхый турмысы, әдебий мийраслары ҳаққында тарийхшы ҳәм әдебиятшы илимпазлардың, атап айтқанда П.П.Иванов, С.П.Толстов, Н.Дәўқараев, Т.А.Жданко, С.К.Камалов, Р.Қосбергенов, Қ.Айымбетов, И.Сағитов, М.Нурмухамедов, Қ.Мақсетов, М.Тлеўмуратов, Ә.Қожықбаев, Б.Кощанов, Е.Қанаатов ҳәм т.б. илимпазлардың мийнетлеринде баҳалы пикирлер берилген.

«Қарақалпақ» қосығының ўақыялары көп дәўирлерди өз ишине алады. Қарақалпақ халқының көп әсирлик шежирелик өмир баяны сыяқлы көринеди. Қосықтың соңғы бөлимлеринде халықтың Жаңадәрьядағы турмысы, оннан Хийўа ханлығы қол астына - Хорезмге келип орналасыў жағдайлары сөз етиледи. Әсиресе, Есенгелди, Жылгелди, Айдос баба, Барақ батыр ҳәм т. б. тарийхый болған адамлардың атлары ушырасады.

Есенгелди мәхрем халықтың ағасы,
Жылгелди бий Айдос бийдиң жорасы… [1.17]

Хийўа ханлығының аўыр салығы ҳәм ишки бийлер тәрепинен ҳәр тәреплеме азап шеккен халықтың турмыс тиришлиги қосықта реаль сүўретленген. Мысалы:

Хан сайланған халықтың ҳәмелдарлары,
Салық салып мал алыўдың жоллары,
Зулым ханның халқым көрип зардабын,
Езилиўден еси кеткен қаракалпақ. [2.18]

Өзбекстанның Наманган, Ферғана, Андижан, Бухара ҳәм Самарқанд областьларындағы «жоқары» қарақалпақлар арасынан жазып алынған ертеклерде, тарийхый аңызәпсаналарда, халық қосықларында, тарийхый адамлар ҳаққындағы (Амангелди, Асан, Жийренше шешен т.б.) легендаларда да ҳәзирги Арал теңизи әтрапында, Хорезмде жасаған қарақалпақ халқының аўызеки дөретпелериниң барлық түрлери бойынша байланыс ҳәм үнлесликлер бар.

Бул жағдайлар халықтың бурын бир орында қоныс басқанлығын сыпатлаў менен, екиншиден, «жоқары» ҳәм «төменги» қарақалпақлар менен үзликсиз байланыслардың болғанлығында соңғы дәўирлерде пайда болған халықтың аўызеки дөретпелериниң мысалынан көриўге болады. Ҳәтте, Жийен жыраўдың жоқары қарақалпақлар арасында болыўы, Бердақтың ҳәм көп ғана жыраўбақсылардың «жоқары» қарақалпақлар арасында болып, той-жыйынды қосық айтыўы, атақлы жыраў, бақсыларға шәкирт болыў жағдайлары толық тастыйықлайды.

Бердақ өзиниң «Излер едим» деген қосығында:

Сездирместен бий ҳәм ханға,
Ҳәм оларға жақын жанға,
Ата журты Түркистанға
Барып жоқты излер едим. [3.15]

Жергиликли ҳәмелдарлардың қатаң тәртиплерине қарамастан Бердақ өзиниң туўысқан ағасын излеп барғанлығы ҳаққындағы, Жийен жыраўдың жетим қыз Минайымды излеп кетиўлери «жоқары» қарақалпақлар арасында болғанлығы тарийхый факт.

Қарақалпақлардың Хийўа ханлығының сиясий ислерине араласқанлығы туўралы мағлыўматлар халық әпсаналарында жүдә көп сақланған. Қарақалпақлар өзлериниң әййемги ўатаны болған Хорезм журтын «Бесқала» деп атаған. Олар Әмиўдәрья бойларында дийқаншылық, шарўашылық ҳәм балықшылық пенен шуғылланған. Олардың руўхый мәдениятьы, әдебияты бир-бирине өткен.

Халық арасынан жазып алынған материалларда Әжинияздың «Бозатаў» тарийхый поэмасының бир неше варианты бар. Бул жағдай классик шайырларымыздың шығармаларының халықлығын тағы да тереңлестиреди.

Әжинияздың «Бозатаў» поэмасы Хийўа ханлығының зулымлығына қарсы 1857-1858-жыллардағы халық көтерилисин сөз етсе, Бердақтың «Айдос бий» (1827-1928). «Ерназар

бий» поэмаларында да (1855-1856) тарийхый халық көтерилислери сөз етиледи.

Тарийхый қосықлар барлық ўақытта алға қарай раўажланыўшы жанр. Халық турмысына өзиниң актив тәсирин тийгизген тарийхый ўақыяларға классик шайырларымыз да өз көзқарасын билдирип шығармалар дөретти.

Олардың ең баслыларын атап көрсеткенде Жийен жыраўдың, Күнхожаның тарийхый шығармалары менен Әжинияздың «Бозатаў», Бердақтың «Айдос бий», «Ерназар бий», «Амангелди», «Хорезм», «Шежире» шығармаларының традициялық тәсири басқа да шайырларды тарийхый шығарма дөретиўге бағдарлағанын көремиз.

Жоқарыдағы қосықлар, поэмалар тарийхый қосықлардың ең соңғылары деп қараў пүткиллей надурыс болар еди. Аўызеки халық дөретпелериндеги тарийхый қосықлардың традициялық тәсири жаңа мазмунға, формаға ийе болған, өтмишти, ҳәзирги дәўирдеги ең бир әҳмийетли ўақыяларды сөз ететуғын тарийхый шығармалар менен ушласады.

Тарийхый қосықлардың қолда бар материалларының тийкарғы тематикасы Хийўа ханлығының зулымлығын әшкаралаў, теңсизликтиң ҳәр қыйлы көринислерин сыпатлайтуғын хан қазыўы, түркмен феодаллары – баспашылардың ҳәрекетлерин сөз етиўден ибарат.

Бунда аўыр зулымлықтың жәбирин тартып, зулымлық үстемлик еткен дәўирде өз теңлигин ала алмай, ақырында өлимге гириптар болған мийнет адамының трагедиялық турмысы сөз болады.

Қарақалпақ жериндеги үлкен өзгерислердиң бири 1873-жылы қарақалпақлардың (дәрьяның оң жүзи) патша Россиясының қараўына өтиўи болды. Бул дәўирдеги сиясий жәмийетлик дүзимдеги болған ҳәр қыйлы өзгерислер классик шайырларымыздың шығармаларында (Бердақ, Өтеш, Сыдық, Омар) көрине баслады. Шын мәнисинде халық турмысы бурынғысынша аўыр жағдайды бастан кеширди. Сыдық шайырдыц «Заман» деген қосығында шайыр дәўирди былай сыпатлайды:

*Журтымыз еки бөлинди,*
*Бухара тозып, бүлинди...*

Тарийхый қосықлар барлық ўақытта алға қарай раўажланыўшы жанр. Халық турмысына өзиниң актив тәсирин тийгизген тарийхый ўақыяларға классик шайырларымыз да өз көз қарасын билдирип шығармалар дөретти.

Олардың ең баслыларын атап көрсеткенде Жийен жыраўдың, Күнхожаның тарийхый шығармалары менен Әжинияздың «Бозатаў», Бердақтың «Айдос баба», «Ерназар», «Амангелди», «Хорезм», «Шежире» шығармаларының традициялық тәсири басқа да шайырларды тарийхый шығарма дөретиўге бағдарлағанын көремиз. Сондай-ақ, Әбдиқәдирдиң «Қызкеткен», «Қатты ағардан жыққын кетти», Сыдық шайырдың «Ақ-қапшық», «Заман», Аяпбергенниң «Бола баслады», Аббаздың «Әмиўдәрья», «Ақбөгет», «Халықты темир жолға шақырыў» ҳәм т.б. шайырлардың шығармаларында тарийхый ўақыялар сөз етиледи.

Тарийхый қосықлардың қолда бар материалларының тийкарғы тематикасы Хийўа ханлығының зулымлығын әшкаралаў, теңсизликтиң ҳәр қыйлы көринислерин сыпатлайтуғын хан қазыўы, туркмен феодаллары - баспашылардың ҳәрекетлерин сөз етиўден ибарат.

Булардан «Мәрдикар», «Жети үйден бир белдар», «Нәйлейин», «Тапсырдым», «Яранлар», «Залым яўмыт», «Бир әламат заман болды», «Өлер болдық баспашының дәртинен» тағы басқа тарийхый қосықлар менен халықтың батыр улларын тәрийиплейтуғын «Әўезжан», «Өтеш», «Асқар батыр», «Ерmағамбет», «Марқабай» деген соңғы дәўирлерди сөз ететуғын қосықлар менен ушласады.

Тарийхый қосықлардың ишинде белгили бир тарийхый қонысты дәрья, көл ҳәм т.б. орынларды сөз ететуғын тарийхый-топонимикалық характердеги қосықлар да бар. Булардан «Кегейли», «Бозатаў», «Нәўпиржап», «Ақдәрья», «Теңизбай», «Жайлаўым» ҳәм т.б.

Халық легендалары тийкарында жазылған «Қоңырат легендасы» деген көлемли тарийхый қосық та бар.

Жоқарыдағы қарақалпақ тарийхый қосықларына тән ортақ идея, халықтың турмыс тиришилиги, гүреслери менен әрманлары, халық батырларын тәрийиплеў, жаўызлыққа қарсы халықтың күшли нарийзалығы, теңсизликтиң қурбаны болған-лардың идиралды тилек-әрманлары сөз етиледи.

Солай етип, қарақалпақ тарийхый қосықларының раўажланыў ҳәм қәлиплесиўи көп дәўирлерди өз ишине алады. Оның тематикалық диапозоны кең болып, фольклорлық шығармалардың барлық жанр-лары менен тығыз байланыслы түрде раўажланыў менен бирге, қарақалпақ халқының сиясий-жәмийетлик турмысының дерлик барлық дәўирлерин еске түсиреди. Тарийхый қосықлар, жыр ҳәм толғаў, термелер барлық ўақыт халық турмысына тығыз байланыслы түрде пайда болды, таралды.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык, 1 том, 136-бет
2. Бердақ. Таңламалы шығармаларының толық жыйнағы. - Нөкис:ККМБ, 1950, 15-бет
3. Қожықбаев Ә. Тарийхый қосықлар. – Нөкис, 1980.- 17 бет
4. Қарақалпақ халық қосықлары. Нөкис, 1965, 358-бет
5. Непесов Ғ.Н. 1920-1924-жыллардағы Хорезм халық Совет революциясында Қарақалпақстан мийнеткешлериниң роли. Нөкис, 1964. 34,43-48-бетлер.
6. Сыдық Тоқпан улы. Шығармалары. – Нөкис, 1978
7. ӨЗРИА ҚҚБ Қолжазбалар фонды, инв. 37344
8. Тореев А. 1916-жылғы халық көтерилиси. Нөкис, 1967, 22-31-бетлер.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқ тарихий қўшиқларининг ривожланиши ва шаклланиши бир қанша даврларни ўз ичига олади. Фольклор жанрлар билан бирга ривожланиб, қорақалпоқ халқининг сиёсий-ижтимоий ҳаётининг барча даврларин ўз ичига олади. Тарихий қўшиқлар ҳамма даврларда халқнинг турмуш тарзига боғлиқ пайдо бўлади ва ривожланди.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается каньшинский период развития и становления каракалпакских исторических песен. Фольклор развивается вместе с жанрами и охватывает все периоды социально-общественной жизни каракалпакского народа. Исторические песни появлялись и развивались во все периоды в зависимости от образа жизни народа.

**SUMMARY.** The article examines several periods of development and formation of Karakalpak historical songs. Folklore develops along with genres and covers all periods of the social and social life of the Karakalpak people. Historical songs appeared and developed in all periods, depending on the way of life of the people.

## ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ЭТНОТОПОНИМЛЕРДИ ҮЙРЕНИЎ

**Бердиева Бағдагүл** - *оқытыўшы*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** ономастика, топонимика, топоним, этноним, этнотопоним, этнонимия.
**Ключевые слова:** ономастика, топонимика, топоним, этноним, этнотопоним, этнонимия.
**Key word:** onamastics, toponomy, toponym, ethnonym, ethnotoponym, ethnonyms.

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан топонимиясының бай ҳәм көп қырлы материалларын түрли территориялар бойынша топлаў ҳәм изертлеў жумыслары бойынша көп ғана жумыслар әмелге асырылды. Нәтийжеде, Өзбекстанның бир катар ўәлаят ҳәм районларың топо-номиясын тиллик, тарийхый этнографиялык ҳәм топологиялык көз қарастан анализлеўге арналған көплеген монографиялар баспадан шығарылды, усы темаға тийисли бир неше кандидатлық ҳәм докторлық диссертациялары жазылды, топонимиялық түсиндирме сөзликлери дүзилди. Соған қарамастан, өзбек ономастикасының барлық қурамалы хәм де әҳмийетли мәселелери үзил-кесил шешилген емес [1].

Өзбек этнонимиясы ҳәм соның ишинде қарақалпақ этнонимиясы, олар тийкарында пайда болған меншикли атлықлар топарын тарийхый-этнографиялық, структура-семантикалық ҳәм этимологиялық қурылысы жағынан изертлеў әҳмийетли машқалалар қатарына киреди. Қаракалпақ этнонимиясына тийисли тиллик материаллар елеге шекем монографиялық тәризде терең анализ етилмеди. Базы-бир илимий изертлеўлерде бул мәселе улыўмалық тәризде үйренилген [2] ямаса топонимияға тийисли айырым жумысларда басқа машқалалар менен байланыслы үстиртин тилге алынған болса да, белгили бир территорияға тийисли болған этнонимлер хәм этнотопонимлер усы күнге дейин арнаўлы изертлеў объекти болған жоқ. Этнонимлер меншикли атлықлар катарындағы бир қатар атамалар топарының жүзеге келиўинде үлкен орын тутады. Бул жағдай көбирек антропонимлер хәм топонимлердиң жасалыўында айқын көзге тасланады. Сол себептен этнонимлер менен топонимлер дизиминиң өз-ара мүнәсибети ҳәм усы тийкарда этнотопонимлердиң келип шығыў нызамлылықларын монографиялық негизде үйрениў қарақалпақ топонимикасының бир қатар